



## Pwojè fèy enfòmasyon sou modifikasyon zonaj espas ouvè yo

### Enfòmasyon debaz

Pak Boston ak espas ouvè yo se resous esansyèl ki gen anpil valè pou rezidan yo nan vil la. Pou rekonesans wòl enpòtan ak inik espas ouvè yo genyen pou vil la, Atik 33 nan Kòd Zonifikasiyon Boston kontwole ak pwoteje itilizasyon li. Objektif Atik 33 a se pou ankouraje prezèvasyon espas ouvè Boston yo; amelyore aparans katye yo atravè pwoteksyon espas ouvè; distenge diferan kalite espas ouvè; kowòdone ant plan espas ouvè eta, rejonal ak lokal yo; bese efè bri ak polisyon lè; epi asire rezidan Boston yo gen aksè a bon jan limyè natirèl ak lè. An total, nèf (9) sou-distri espas ouvè yo reglemante anba Atik 33.

BPDA ap pwopoze yon modifikasyon nan Atik 33 ki ta ajoute yon (1) nouvo sou-distri espas ouvè nan atik la. **Sou-distri Espas Ouvè Estad (OS-S)** ta kreye yon nouvo distri estad ak zòn anpitezat piblik, yon fason pou pèmèt pi gwo envestisman ak pèmèt plis ekipman nan zòn ki apwopriye nan espas ouvè aktyèl ak pwochen vil la. Nouvo sou-distri sa a ta:

Aplike nan tè ki apwopriye pou rekreyasyon aktif oswa pasif

- Egzije pou yon antite piblik oswa san bi likratif posede tè ki dedye pou itilizasyon espas ouvè yo
- Pèmèt itilizasyon pou sipòte estad/anpitezat piblik la tankou: Vann an Detay akseswa, restoran k ap sèvi alkòl, ak itilizasyon amizman nan lokal la.

Fèy enfòmasyon sa a gen de seksyon (1) modifikasyon tèks nan Atik 33, Atik 3, ak Atik 8 pou facilite chanjman yo pwopoze a; epi (2) zòn ki pwopoze pou rezonaj, ki gen ladan plan modifikasyon kat la.

### Modifikasyon Tèks nan Atik 33, Atik 3, ak Atik 8

**Nouvo Definisyon pou Sou-distri Espas Ouvè Estad la:** Yo te mete seksyon sa a nan Atik 33 pou yo ka defini Sou-distri Espas Ouvè Estad yo pwopoze a:

**Seksyon 33-12 - Sou-distri Espas Ouvè Estad la**

Sou-distri espas ouvè estad yo dwe gen ladann tè ki apwopriye pou itilizasyon lwazi aktif oswa pasif, ki gen ladann estad ak anpitezat deyò, lè yon antite piblik ki delege jere kalite itilizasyon sa yo nan tè yo otorize nan atik sa a oswa moun li deziyen an (eksepte ke yon moun prive, yon antite oswa yon fidisi konsèvasyon pa dwe nan okenn fason administre kalite itilizasyon sa yo sof si yon antite piblik deziyen), oswa yon òganizasyon san bi likratif ki etabli nan objektif pou fè itilizasyon tè yo otorize nan atik sa a. Sa ka genyen ladan yo lavant andetay akseswa, restoran k ap sèvi alkòl, ak itilizasyon amizman lè yo sipòte yon estad oswa itilizasyon anpitezat deyò, nan eksepsyón tout itilizasyon ki kapab entèdi pou tè piblik yo ki se espas ouvè ki pwoteje dapre Atik 97 nan modifikasyon Konstitisyon Commonwealth la.

---

**Chanjman Tèks:** Seksyon sa yo genyen ti modifikasyon tèks ki ajoute referans sou Sou-distri Espas Ouvè Estad la:

- Atik 33, Seksyon 1: Entwodiksyon
- Atik 33, Seksyon 2: Deklarasyon Objektif
- Atik 33, Seksyon 5: Etablisman Kategori Sou-distri Espas Ouvè yo
- Atik 33, Seksyon 6: Tè ki Elijib pou Deziyasyon Espas Ouvè
- Atik 3, Etablisman Distri Zonifikasyon
- Atik 8, Tablo A

**Deziyasyon dirèk Sou-distri Espas Ouvè yo:** Yo te ajoute lang ki eksplike abbrevyasyon distri OS (Espas Ouvè) ak endikasyon li yo sou kat zonaj yo nan Seksyon 33-18.

**Kondisyon pou pakin ak chajman nan distri espas ouvè yo:** Dispozisyon ke distri espas ouvè yo pa bezwen konfòme avèk yon kondisyon minimòm pakin oswa chajman kòm yon nouvo seksyon (Seksyon 33-19) nan Atik 33.

**Modifikasyon nan Atik 8, Itilizasyon Kòd 27A:** Yo te ajoute langaj nan seksyon sa a pou pèmèt itilizasyon akseswa ki abitye fèt pou itilize espas lwazi, epi pou pèmèt estrikti sa yo nan distri Espas Ouvè yo, dapre dispozisyon Atik 33.

## **Zòn ki pwopoze pou Re-zonaj & Pwojè Kat Zonaj**

Yo pwopoze sou-distri Espas Ouvè Estad la pou aplike nan de estad ki egziste deja ki satisfè definisyon Espas Ouvè Estad la.

- *Estad Memoryal Lès Boston*

- Rezonaj sa a pa pral pèmèt okenn chanjman nan fonksyon Estad Memoryal Lès Boston, men pito li pral pèmèt estad la pou kounye a genyen zonaj sou-jasan ki montre nan fason ki pi presiz itilizasyon aktyèl li.
- *Estad Blan, Franklin Park*
  - Rezonaj sa a pral sipòte fonksyon Estad Blan kòm yon gwo resous kominotè ak itilizasyon aktyèl li. Li pral pèmèt tou pwochen envestisman. Lap sipòte tou rekòmandasyon planifikasyon nan [Plan Daksyon Franklin Park](#), ki deziyen zòn Playstead, sa ki gen ladann Estad Blan [White Stadium], kòm yon “gwo leman” avèk yon bezwen pou ogmante plis ekipman publik ak envestisman.

Nan lavni, sou-distri Espas Ouvè Estad la te ka aplike tou nan estad ki la deja oswa nouvo estad publik oswa anpiteyat nan fason pou pi byen sipòte yo epi pèmèt plis ekipman publik nan lokal yo.

Ou ka jwenn Pwojè Kat Zonaj la ki montre nouvo sou-distri pou chak nan estad sa yo sou sit entènèt nou an: Estad Blan ([Kat Pwojè Zonaj r 8A Greater Mattapan Neighborhood](#)) ak Estad Memoryal Lès Boston ([Draft Zoning Map 3A-3B East Boston Neighborhood](#)).